


# Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Klas nou an pare pou n kòmanse yon bèl ane matematik. Si jè premye chapit la se sou *relasyon lineyè*. Relasyon lineyè se relasyon kote yon montan, oubyen varyab, chanje an yon to konstan menm tan yon lòt varyab ap chanje.

Pa egzanp : Lara touche 8\$ pa èdtan. Sa se yon relasyon lineyè ant varyab kantite *èdtan li travay la (H)* ak varyab kantite *dola li touche a (D)* : pou chak èdtan Lara travay, salè li ogmante 8\$. Si w sèvi ak aljèb, ou ka esprime relasyon sa a sou fòm  $D = 8 \times H$ , oubyen sou fòm  $D = 8H$ .

Nou pral aprann kijan pou nou rekonèt epi kijan pou nou travay ak relasyon lineyè ki prezante sou fòm tablo, règ aljebrik, ak graf. Graf nenpòt relasyon lineyè se yon liy dwat ; epi si w gade graf la, ou ka aprann anpil bagay sou relasyon an.



Èdtan	Dola li Touche
0	0
1	8
2	16
3	24
4	32

Gen anpil sitiyasyon òdinè ki relasyon lineyè : pri total yon kantite CD lè pri chak CD se 15\$, kantite milyaj yon moun pakouri si moun nan kondwi a yon vitès ki 40 mil pa èdtan. Gendefwa, yon relasyon ka pa ezakteman yon relasyon lineyè nan matematik, men li ka pwòch ase pou itilize yon reprezantasyon lineyè pou fè prediksyon ak estimasyon.

**Vokabilè** Nan pwochen leson yo, nou pral aprann nouvo tèm vokabilè sa yo :

**koyefisyan**  
**varyasyon dirèk**  
**òdone nan orijin**

**relasyon lineyè**  
**fòm pant-òdone nan orijin**  
**dirèkteman pwopòsyonèl**

**pant**

## Kisa w ka fè lakay ?

Oumenm ak elèv ou an ka pran plezi nou ap chèche kalite relasyon sa yo nan lavi toulejou epi nou ka fè kèk estimasyon oubyen kèk prediksyon ki baze sou yo. Si w ka tape 40 mo pa minit, apeprè konbyen tan lap pran pou tape yon rapò sou yon liv ? Pandan konbyen tan ou pral fè ap okipe timoun pou w ka fè 100\$, si w touche 4\$ pa èdtan ? Ou ka menm dekouvri relasyon lineyè ede elèv ou an anpil nan fè planifikasyon ak nan fè ekonomi !

